лият мезонлари жиҳатидан илмий асосланишига сарфланадиган вақтнинг тежамлилигига эришилади.

Машғулотларни ташкил этишда бу каби усуллардан фойдаланиш талабаларни мустақил изланишга, ижодий қирраларини очишга, ўз устида ишлашга имкон беради. Маълумки, жаҳоннинг ривожланган мамлакатлари таълим тизимида ўқитиш-ўзлаштиришнинг олти даражаси – Блум таксономияси қўлланилади. Интерфаол ўқитиш усулларидан фойдаланишда талабалар Блум таксономиясининг билиш, тушуниш тоифаларини уйда эгалласа, бажариш, таҳлил қилиш, синтезлаш, баҳолаш тоифаларини аудиторияда эгаллайди (1-жадвал).

1-жадвал

Блум таксономияси

| Блум таксономияси тоифалари | Вақти |
|---|---|
| ***Билиш.*** «Меҳнат таълими ўқитиш методикаси» фанининг умумий тушунча ва уларни қўллаш қонун-қоидаларини билиш. | Дарсдан ташқари вақтда |
| ***Тушуниш.*** Англаш, ўз сўзи билан ифодалаш, формула, схема ва диаграммаларни талқин қила олиш. | |
| ***Қўллаш.*** Билимларни амалиётда қўллаш (масала ёки мисол ечиш, вазиятларни ҳал қилиш, қонун-қоидалардан фойдаланиш). | Дарс давомида |
| ***Таҳлил қилиш.*** Бир бутун тушунча, қонун-қоидаларни қисмларга ажратиш, улар орасидаги ўзаро боғлиқликни ва муносабатларни ўрнатиш, яхлитликни ташкил этувчи тамойилларни аниқлаш. | |
| ***Синтезлаш.*** Янги таркиб ҳосил қилиш мақсадида берилган қисмларни умумлаштириш, берилганларга асосланиб яхлит қиёфани яратиш. Берилган намуналарга асосланиб яхлит технологик жараённи лойиҳалаш. | |
| ***Баҳолаш.*** Муносабат билдириш, хулоса ясаш, муайян мезонларга асосан у ёки бу фаолият, қонун-қоида, тушунчаларнинг аҳамиятини баҳолаш. | |

Юқоридаги маълумотлар шуни кўрсатадики, машғулотни олиб боришда танланган усуллар нафақат ўқув мақсадига, балки ўқув материали мазмунига ва бу мавзунинг мураккаблигига боғлиқ. Бундан ташқари методларни танлаш талабаларнинг сони, уларнинг ўқув имкониятлари, ўқув-моддий шароитлар ва ўқитувчининг маҳорати билан боғлиқ. Бундай методларни танлашда талабаларнинг ўқув имкониятларини ҳисобга олиш жуда муҳим. Шу билан бирга ўқитувчининг таълим методларини тўғри танлай олиши ҳам унинг методик малакасининг даражасини кўрсатиб беради. Тўғри танланган методлар талабаларнинг мавзуни тўлақонли ўзлаштиришларига, унинг мантиқий ва ижодий фикрлаш даражасини оширишга имконият яратади.

**Адабиётлар**


1. Кадрлар тайёрлаш миллий дастури. //Баркамол авлод-Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. -Тошкент: «Шарқ», 1997, 34-б.
2. Азизхўжаева Н.Н. Педагогик технология ва педагогик маҳорат. -Т.: ТДПУ, 2003, 174-б.
3. Савельев М.Г., Новикова Т.А., Костина Н.М. Использование активных и интерактивных образовательных технологий. -Ижевск: Удмуртский университет, 2013, -С. 5.
4. Цой М.Н., Джураев Р.Х. Современные технологии совершенствования обучения: Учебно-методическое пособие для учителей. -Т.: УзНИИПН, 2010, -С. 180.
5. Шарипов Ш.С., Арипов М., Бегимқулов У.Ш. Билим олишнинг интеллектуал тизимини ишлаб чиқиш назарияси ва амалиёти. -Тошкент: «Фан», 2011, 72-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада олий таълим тизимида бўлажак меҳнат таълими ўқитувчиларининг мустақиллигини, ҳар қандай педагогик вазиятлардан чиқа олиш қобилиятларини ривожлантириш мақсадида фойдаланиладиган таълимнинг замонавий методлари ҳақида сўз қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описаны современные методы обучения, используемые в системе высшего образования для дальнейшего развития самостоятельности будущих учителей трудового обучения и умения справляться с любой педагогической ситуацией.

**SUMMARY**

In the article the author describes the modern methods of education used in the higher education system to develop further the independence of future teachers and the ability to cope with any pedagogical situation.


## КЛАССТАН ТЫС ЖУМЫСЛАРДА ҮЛКЕ МАТЕРИАЛЛАРЫНАН ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ТӘЛИМ –ТӘРБИЯЛЫҚ ӘҲМИЙЕТИ


**Р.А.Баўетдинов -** *тарийх илимлери кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы НМПИ жанындағы Халық билимлендириўи хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў Аймақлық орайы*



**Таянч сўзлар:** синфдан ташқари ишлар, тарих, тарихий манбалар, моддий манба, тарихий хотира, археологик топилмалар, саёҳат дарслари, музей экспонатлари.

**Ключевые слова:** внеклассная работа, история, исторические источники, материальные источники, историческое воспоминание, археологические находки, уроки- экскурсии, музейные экспонаты.

**Key words**: extracurricular works, history, historical sources, material sources, historical memory, archaeological findings, excursion classes, museum exhibits.


Өз халқын сүйетуғын, қәлбинде Ўатанға мухаббат сезими йош урып турған саламат әўладты кәмалға келтириўде тарийх сабақларының орны гиреўли. Тарийх сабақлары өтмишти үйрениў, улыўмаинсаный қәдириятларды аңлап жетиўде, өз ата-бабаларының жәҳән мәдениятына қаншелли дәрежеде үлес қосқанлығын билиўде ҳәм бул дәстүрлерди даўам еттириўге мүнәсип болыўлары кереклигин сезиниўлери ушын да әҳмийетли. Тарийхый билимлердиң ҳәр бир инсан ушын әҳмийетиниң үлкен екенлигин тереӊ сезинген ҳалда, мәмлекетимизде тарийх пәнин оқытыў мәмлекет сиясаты дәрежесине көтерилди. Улыўма орта билим бериў мектебиниң ҳәр бир питкериўшиси улыўма тарийхтың раўажланыў басқышларын, тийкарғы тарийхый ўақыяларын билиўи менен бирге, бул раўажланыў процесинде өз халқының тутқан орны, қосқан үлеси ҳаққында тереӊ билимге ийе болыўы, олардың өзлигин аңлаўында пайдалы болып табылады.

Тәлим-тәрбия процесиниң мәмлекет ҳәм жәмийет раўажланыўындағы әҳмийети ҳаққында Президентимиз Ш.М.Мирзиёев «Биринши нәўбетте, жаслардың санасезимин, дүньяқарасын тәлим-тәрбия негизинде қәлиплестириў ҳәм тәрбиялаў ең әҳмийетли ўазыйпа» - деп атап өткен еди [1].

Билим бериўдиң нәтийжелилигине ерисиўде сабақ процеси менен бир қатарда, класстан тыс жумыслардың орны айрықша. Тарийх пәнин үйрениўде үлкетаныў материаллары әҳмийетли орын ийелейди. Тарийхты

жазыўда, оны жаңа илимий мағлыўматлар менен байытып барыўда, жазба дереклер менен бир қатарда, археологиялық материаллардан да пайдаланылады.

Билим бериўдиң тийкарғы усылларының бири бул сөзсиз сабақ барысы, бирақ соның менен бирге, билимди жеткериўдиң басқа да түрлерин естен шығармаўымыз тийис. Бул түрлер қатарына класстан тыс жумысларды қоссақ қәтелеспеген боламыз. Себеби, бул жумыслар сабаққа қосымша оқыўшыларда пәнге қызығыўшылық оятыўға жәрдемлесетуғын, олардың билиминиң артыўына пайдасы тийетуғын факторлардан болып табылады.

Класстан тыс жумыслардың пайдалы тәрепи ҳәм әҳмийетин методист алым А.Ф.Родин былай тәрийиплеген еди; «Сабақтан тысқары шынығыўлар да сабақ мақсетлери қандай болса, әйне сондай мақсетлерди әмелге асырыўға қаратылған, лекин оларға басқаша материалларда ҳәм басқа усыллар менен ериседи» - деген еди [3:6].

Егер класстан тыс жумыстың, сабақтан парқлы тәреплери ҳаққында айтатуғын болсақ, сабақ барысында берилетуғын билим көлеми мектеп бағдарламасы тийкарында көрсетилген болса, ал класстан тыс жумысларда мағлыўматларға шеклеўлер болмайды. Соның менен бир қатарда, класс сабақларына барлық оқыўшы қатнасыўы шәрт болса, бундай сабақ түрлеринде класстың барлық оқыўшылары қатнасыўға мәжбүр емес. Тарийх пәнин еле де тереңирек билиўди қәлеўши оқыўшылар өзлериниң қызығыўшылығына қарай қатнасып, өзлериниң тарийхый билимлерин және де раўажландырыў имканиятына ийе.

Жумыстың бул түринде тарийх пәнине қызығыўшы оқыўшылардың қосымша дереклерден кең көлемли мағлыўматлар алыўы, ықтыярый, өз қәлеўи менен қатнасыўы әҳмийетли ҳәм оқыўшыларға мектеп бағдарламасынан тысқары кеңирек мағлыўматлар жеткерип бериў мүмкиншилигин береди.

Класстан тыс жумысларда оқыўшылар өзлерин сабақ пайытындағыға қарағанда еркин сезеди. Оқытыўшы менен өзара мүнәсибетлери беккемленеди. Оқыўшылардың өз бетинше ислеў имканияты кеңейеди. Оқытыўшы тәрепинен жумыс бағдары көрсетилип бериледи, ал оны орынлаў барысында оқыўшыларда еркин қатнас жасаў жағдайлары көбирек болады. Бул жумысларда оқыўшылардың тарийхый естеликлердеги тарийхый дереклер менен ислесиў ҳәм эпиўайы тәризде болса да изертлеў жумысларын алып барыў көнликпелери раўажланады. Тарийх пәнинде бул жумыс түрлерин археология материалларынан пайдаланыў тийкарында шөлкемлестирилиўи мақсетке муўапық. Себеби, тарийхый естеликлерден табылған археологиялық материалларындағы уқсаслықларды анықлаў, түрли дәўирлерде таярланған буйымларды салыстырыў, қайсы дәўирге тийисли екенлиги бойынша киши изертлеў жумысларын алып барыў, буйымлардың атқарған хызметлерин ҳәм дәўирлерди үйрениў сыяқлы жумысларды орынлаўда жүдә қол келеди. Ал, сабақ барысында бундай тереңирек излениўлер өткериўге ўақыт қысқа болады. Класстан тыс жумысларда археологиялық естеликлерге саяхатқа шығыў, музейлерди барып көриў мүмкиншилиги бар. Археологиялық материаллардан пайдаланып сабақ өтиў оқыўшылар билимине еле де анықлық киритип, оның мазмунын байытады, үлкениң тарийхын тереңирек изертлеўге имкан береди, сабақта белгили темаларды үйрениўде тийкарғы дерек болып хызмет етеди. Үлкемиз аймағында Қой-қырылған қала, Айбүйир-қала, Топырақ қала, Миздахкан ҳәм көплеген тарийхый естеликлер бар болып, бул тарийхый естеликлер материаллары тийкарында класстан тыс жумысларды шөлкемлестириў, саяхатларға барып, дала сабақларын өтиў, сабақ ўақтында археологиялық материалларды аўызеки баянлаў ямаса көрсетиў, сабақтың исенимлилигин, тәсиршеңлилигин тәмийинлейтуғын түрли усылларды қолланыў (оқытыўшы гүрриңи, китаплардан керекли бөлимлерди оқып бериў, сүўретлер, макетлер көрсетиў ҳәм басқалар), ямаса мектепте археология музейлерин шөлкемлестириў оқыўшылардың пәнге деген қызығыўшылығының артыўына, тарийхый билимлериниң беккемлениўине, сабақтың нәтийжелилигине тийкар жаратады.

Оқыўшылардың тарийхый естеликти өз көзлери менен көриўи оларда айрықша тәсир қалдырыўы, қызығыўшылық оятыўы сөзсиз. Экскурсиядан кейин алған тәсирлери ҳаққында жазба жумысларын алыў ҳәм оны қорғаў ўазыйпаларын тапсырыў арқалы әмелге асырыў мүмкин. Буннан тысқары, оқыўшылар ушын олардың билимге умтылыўшылығын арттырыўшы, тарийхый билимлерди тереңлестириўге ҳәрекетлендириўши, өз үстинде излениўге бағдарлаўшы тапсырмалар топламларын таярлаў ҳәм бериў арқалы да әмелге асырыў мүмкин.

Класстан тыс жумыслардың тийкарғы түрлериниң бири тарийх пәни дөгереги есапланады [4:29]. Дөгерекке қатнасыўшы оқыўшылардың әлбетте, тарийх пәнине деген ықласы, қызығыўшылығы күшли болады. Бул дөгеректиң тийкарғы мақсети оқыўшылардың тарийх пәнине болған интасын және де арттырыў болып табылады. Дөгерекке жасы жағынан теңдей ҳәм сондай-ақ, ҳәр қыйлы класс оқыўшылары бириктириледи.

Мектепте тарийх дөгереги жумысларын жолға қойыў оқыўшыларда пәнге қызығыўшылық сезимлериниң ояныўына түртки болатуғын фактор. Сабақ барысында пайда болатуғын көп ғана сораўларға дөгерек жумысларында көргизбели түрде жуўап бериў мүмкин. Оқыўшыларды дөгерек жумысларына тартыўды саяхат сабақларын өткериўден баслаған мақсетке муўапық болады. Саяхат барысында оқыўшыларды мектепке жақын аймақта жайласқан тарийхый орынларға алып барып, естеликлерди көрсетиў, ол жердеги алымлар тәрепинен үйренилген жаңалықлар менен таныстырыў мүмкин. Бул саяхаттың өзи оқыўшылардың сабақ барысында пайда болатуғын көп ғана қызықтырыўшы сораўларына, тарийхый орындағы өз көзлери менен көрген материаллары арқалы жуўап таба алыўы мүмкиншилигин береди. Сондай-ақ, оқыўшыларда, археологиялық изертлеўлердиң алып барылыў жоллары, тарийх пәнине киритилетуғын жаңалықлар қандай жоллар менен анықланатуғынлығы ҳаққындағы дәслепки түсиниклерди қәлиплестириў мүмкин. Олардың ишинде бул изертлеўлерде өзлери де қатнасыўды қәлеўшилер, усындай жаңалықлар ашыўға қумарлар, тарийхшы алым болыўды ҳәўес қылыўшылар пайда болады. Усы тийкарда, тарийх пәнине қызыққан, пән тийкарларын еле де тереңирек үйрениўге умтылған оқыўшылар ажыралып шығады. Усы тақылетте дөгерек қатнасыўшыларын таңлап алыў ҳәм оларда пайда болған дәслепки қызығыўшылықларын және де раўажландырыў бойынша жумысларды даўам еттириў әҳмийетли. Дөгерек жумысы ҳәр сапары қызықлы, алдыңғысынан парық қылатуғын рәң-бәрең болыўы тийис. Ҳәр бир сабақ өтилгенде оқыўшылардың бул жумысларға қызығыўшылығы бурынғыдан да артып, келеси сабаққа талпынып қалыўы зәрүр. Оқытыўшы дөгерек ағзаларын ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлап, хошаметлеп, белгисиз, изертленилмеген тарийхый материаллар еле де көпшиликти қурайтуғынлығын, бул естеликлерди изертлеўшилер, алымлар өз жумысларын дәслеп усындай дөгереклерден баслағанлығын айтып оларды жанландырып барыўы тийис.

Жасларымызға сапалы тәлим ҳәм тәрбия бериўде усындай нәтийжели усылларды қолланыў, олардағы

қызығыўшылықты раўажландырыўға, излениўшиликке ҳәрекетлендириўге мүмкиншилик береди. Бул жумысларды шөлкемлестириў ҳәм алып барыўда тийкарғы бағдарлаўшы шахс оқытыўшы болып табылады.

Класстан тыс жумысларда сабақлыққа қосымша үлке материалларынан пайдаланыў нәтийжесинде:

- бириншиден, оқыўшыларға берилетуғын тарийхый билимлер мазмуны жағынан байытылады;
- екиншиден, оқыўшылардың пәнге болған қызығыўшылығы артады;
- үшиншиден, оқыўшылар тарийхый естеликлер, мәдений-руўхый байлықларды қәстерлеўди үйренеди ҳәм оларды қорғаў пуқаралық миннети екенлигин сезинеди;
- төртиншиден, өз ўатаны тарийхына ҳүрмет сезими артып барады;
- бесиншиден, оқыўщылар ата-бабаларымызға мүнәсип перзентлер болып, Ўатанымыз гүллениўине өз үлесин қосыў кереклигин аңлайды;
- алтыншыдан, билимге умтылыў ҳәрекетлерине унамлы тәсир көрсетеди ҳәм т.б.

Бай тарийхымыз, ата-бабаларымыз тәрепинен дөретилген бийбаҳа мәдениятымыз негизинде оқыўшы жасларда ана ўатанға муҳаббат туйғысы, миллий мақтаныш сезимлерин оятыў тарийх пәни оқытыўшысының баслы ўазыйпасы. Буннан күтилген тийкарғы мақсет, бул сезим ҳәм туйғылардың олардың қәлбинде еле де күшлирек раўажланыўын тәмийинлеп, халқымыз әсирлер даўамында арзыў еткен ғәрезсизликтиң қәдирине жетиўге, оны буннан да бәлент шоққыларға жеткериўге өз үлеслерин қосыўға таяр туратуғын инсанлар етип кәмалға келтириў. Ҳәр бир тарийхый естеликтиң, оннан табылған археологиялық материаллардың тарийхын, әсирлер даўамында қәлиплескен дәстүрлер, үрп-әдетлердиң мазмун-мәнисин кең үлке материаллары жәрдеминде жеткерип бериў арқалы оқыўшыларда тарийхый ой-пикирдиң раўажланыўына, дүнья қарасларының кеңейиўине, жоқары мәнаўиятлы, ата-бабаларын қәдирлейтуғын, тарийхын ҳүрмет қылатуғын, халқымыз жаратқан бай тарийхымыз бенен мақтаныш ететуғын пидайы инсанлар етип жетилисиўге тәрбиялаў мүмкин.

Жуўмақлап айтқанда, ҳәр қандай мәселениң шешими бойынша өзиниң еркин пикирине ийе болған, қыйыншылықтан қорықпайтуғын, халық мәпин бәрше нәрседен ҳәмийше үстин қоятуғын бәркамал әўладты тәрбиялаўда үлке материалларының тәлим-тәрбиялық әҳмийети гиреўли болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Бирлашган Миллатлар Ташкилоти Бош Ассамблеясининг 72-сессиясидаги нутқи. Ўзбекистон овози, 2017 йил 21 сентябрь.
2. Каримов. И.А. «Жоқары мәнаўият-жеңилмес күш» - Т.: «Маънавият», 2008.
3. Родин. А.Ф. Массовые формы внеклассной работы по истории. -М.: 1961, 6-б.
4. Саъдиев А. «Мактабда тарих билимларининг ҳозирги аҳволи ва уни ўқитишнинг миллий асосига кураш. -Т.:1993. 29-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада синфдан ташқари ишларда археологик материаллардан фойдаланишнинг таълимий ва тарбиявий аҳамияти кўриб чиқилган. Синфдан ташқари ишларнинг асосий турлари, қўллаш усуллари тахлил этилган. Дарс сифати ва самарадарлигининг ортишига ўлка материалларидан фойдаланишнинг ижобий таъсири борлиги таъкидланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье освещается образовательно-воспитательное значение использования археологических материалов во внеклассной работе. Даётся анализ видам и методам использования краеведческих материалов во внеклассной работе. Подчёркивается положительное влияние археологических материалов в повышении качества и результативности урока.

**SUMMARY**

This article is about the educational and moral meaning of using archaeological findings in extracurricular work. There is given an analysis to the kinds and methods of using regional materials in extracurricular work. The author of the article emphasizes the positive influence of archaeological findings in the improvement of the quality and effectiveness of the lesson.


## ҚОРАҚАЛПОҚ СИНФЛАРИДА ЎҚУВЧИЛАР НУТҚИНИ РИВОЖЛАНТИРИШ ОМИЛЛАРИ


**О.Ешимбетов -** *ассистент ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*



**Таянч сўзлар:** нутқ, мулоқот, тасаввур, тафаккур, экскурс, жараён, амалиёт, педагогика, синтаксис, образлилик, лирик кечинма, яхлитлик, конструктив, дидактика.

**Ключевые слова.** речь, общение, представление, мышление, экскурс, процесс, практика, педагогика, синтаксис, образность, лирические отступления , целостность, конструктивность, дидактика.

**Key words:** speech, communication, imagination, excursion, process, practice, pedagogy, syntax, imagery, lyrical digressions, integrity, constructiveness, didactics.


Ҳар қандай жамият ривожланиши миллий тилни ислоҳ қилиш билан ҳам белгиланади. Миллий тилнинг ижтимоий-руҳий жараён билан узвий боғлиқ ҳолда тараққий этиши, кўп ҳолларда ўзлашган сўзлар эвазига ҳам юз беради. Негаки, бола таълим-тарбиясида бевосита ўқитувчининг ўрни ва роли аҳамиятли бўлгани боис, уларнинг нутқини мунатазам равишда ўстириб бориш тақозо қилинади. Қорақалпоқ синфларида “Ўзбек тили” (Давлат тили) фани ўқувчиларга фақат нутқ ўстириш учунгина ўтилмайди, балки уларнинг тўғри талаффузини шакллантириш билан биргаликда ёзма нутқини ўстиришга ҳам қаратилади.

Таълим қорақалпоқ синфларида олиб бориладиган гуруҳларда одатда, ўзбек тили 2-синфдан ўтилишини инобатга олсак, муаммога аниқ ечим топилгандек бўлади. Айнан ўқувчилар ўша даврда атрофидаги оламдан жуда кўплаб информацияларни қабул қилишга мойил бўлади. Бу вақтда ўқувчи мустақил фикрлаш тарзига одатланса, нарса-буюмларнинг номларини тўғри талаффуз қилса, матнни бехато ёзса, эшитган сўзларини эркин мулоқот давомида эркин қўллашга ўзида куч топади.

Қорақалпоғистонда таълим тизимида – белгиланган расмий тил қорақалпоқ ва ўзбек тилидир. Қорақалпоқ синфларида ўзбек тилига, ундаги сўзларнинг маъноларини ўзлаштиришга эътибор берилса, шундагина мақсадга тўғри мўлжал олинган бўлади. Бунда ўқитувчидан фаоллик талаб этилади. Негаки, ўқитувчи ҳар бир машғулотга тайёрланган вақтида ёш ва синф нуқтаи назаридан келиб чиққан ҳолда дастурли режа асосида иш олиб бориш лозим. Масалан, булар қайси шаклда амалга оширилади: биринчидан, ўқитувчи мавзуни аниқ ва пухта режа асосида ташкил қилиши; иккинчидан, мавзуга оида манбаларнинг ишончилилигини қайта текшириши; учинчидан, мавзуга оид талаффузи қийин сўзларни ўйин ва кўргазмалилик тарзида юзага чиқариши; тўртинчидан, мавзуга оид луғатлар тузиб ва улар ёрдамида бола хотирасига сингдириб бориши керак бўлади.

Нутқий фаолият билан боғлиқ тадқиқотларда келтирилишича: “Яхши ривожланган нутқ жамиятда кишининг актив фаолиятининг муҳим воситаларидан биридир, ўқувчи учун эса нутқ мактабда муваффақиятли